# ҲӘРЕКЕТЛЕР СТРАТЕГИЯСЫНЫҢ ИСЛЕП ШЫҒЫЛЫЎЫ, ТУРМЫСҚА ЕНГИЗИЛИЎИ ҲӘМ ТАРИЙХЫЙ ӘҲМИЙЕТИ.

Кудайбергенов Улуғбек Жиемурат ули
Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети магистрант
Е-маил: ulugbek.kudaybergenoff@gmail.com
https://doi.org/10.5281/zenodo.7192887

Аннотация: Бул мақалада ҳәрекетлер стратегиясының ислеп шығылыўы, турмысқа енгизилиўи ҳәм тарийхый әҳмийети жўнинде сўз баради.

Гилт сўзлер: Ҳәрекетлер стратегиясы, пәрман, сайлаў алды дәстүри, нызам.

2016-жылдың 4-декабрь күни өткерилген Президент сайлаўында Шавкат Миромонович Мирзиёев жәми сайлаўшылардың 88,61 пайыз даўысы менен Өзбекстан Республикасының Президенти етип сайланды.

Президент қысқа ўақыт ишинде Өзбекстан Республикасын буннан былайда раўажландырыў бойынша Ҳәрекет стратегиясы ҳаққындағы Пәрманы 2017 жыл 7 февраль қабыл етилди. Бул пәрманда тийкарынан 2017—2021 Өзбекстан Республикасын буннан былайда раўажландырыўдың бес бағдары көрсетилген.

Ҳәрекет стратегиясының тийкары, ең алды менен, инсан мәплерин тәмийинлеў менен тийисли ўазыйпалардан ибарат. Мәмлекетимиз басшысының сайлаў алды дәстүринде, сондай-ақ, Өзбекстан Республикасы Конституциясының қабыл етилгенлигиниң 24-жыллығына бағышланған салтанатлы мәрәсимде «Нызам үстинлигин ҳәм инсан мәплерин тәмийинлеў – елимизди раўажландырыўдың ҳәм халық абаданлығының гиреўи», Олий Мажлис палаталары қоспа мәжлисиндеги ҳәмде Министрлер Кабинетиниң кеңейтирилген мәжилисиндеги "Сын талықлаў, қатаң тәртип-интизам ҳәм жеке жуўапкершилик – ҳәр бир басшы жумысының күнделикли қағыйдасы болыў керек" атлы баянатларында белгилеп берилген еди .

Бул Пәрман мәмлекет ҳәм жәмийет турмысының барлық тараўларының баслы бағдарларынбелгилеў ҳәм оларды басқышпа-басқыш әмелге асырыў мақсетинде қабыл етилген. Пәрманда Ҳәрекетлер стратегиясын басқышпа-басқыш әмелге асырыў мақсетинде оны елимизде жылларға берилетуғын атлардан келип шығып, ҳәр бир жыл бойынша мәмлекетлик бағдарламалардың қабыл етилиўин нәзерде тутқан ҳалда әмелге асырыў тәртиби белгиленген.

Усы Пәрман менен тастыйықланған 2017-2021-жылларда Өзбекистан Республикасын раўажландырыўдың бес тийкағы бағдары бойынша Ҳәрекетлер стратегиясы кең жәмийетшилик тәрепинен турақлы

раўажланыўымыздың әҳмийетли тырнағы, анық мақсет ҳәм ўазыйпаларды қамтып алған турмыслық бағдарлама сыпатында баҳаланбақта .

Ҳәрекетлер стратегиясының мақсети алып барылып атырған реформалардың нәтийжелигин түп-тийкарынан арттырыўдан, мәмлекеттиң ҳәм жәмийеттиң ҳәр тәреплеме ҳәм жедел раўажланыўын тәмийинлеў ушын шараятлар жаратыўдан, елимизди модернизациялаўдан ҳәм турмыстың барлық салаларын еркинлестириўден ибарат.

Жанажан Ўатанымыз-Өзбекстанымыз миллий раўажланыўы, Суверен Қарақалпақстан Республикасының жана басқышына қәдем қойып, барлық тараў ҳәм тармақларда демократиялық жаңаланыў басқышында әмелге асырылып атырған бүгинги күнде биз ушын бийбаҳа болған ғәрезсизлик миллий идеологияның қәдир-қымбаты ҳәм әҳмийети барған сайын асып бармақта.

Экономикада санааттың үлеси 34 пайызды, экспорт қурамында таяр өнимлер үлеси 70 пайыздан зыятын қурамақта;

2030-жылға шекем жалпы ишки өнимлери көлеми еки еседен зыят көбейтиў, экономикамыз қурамында санааттың үлесин 40 пайызға жеткериў бойынша анық ис-илажлар белгилеп алынған;

2017-жыл 2-сентябрьде имзаланған «Валюта сиясатын либералластырыў бойынша биринши нәўбеттеги ис-илажлар ҳаққында»ғы пәрманы менен миллий валютамыздың еркин конвертациясы енгизилди;

2017-жыл даўамында мәмлекет экономикасына 2,4 млрд АҚШ долл. көлеминде шет ел инвестициялары қамрап алынды;

2018-жылды «Абат аўыл» ҳә Аймақлық жәмийетлик-экономикалық раўажланыў бағдарламалары шеңберинде 13 339 жойбар әмелге асырылды, 2,1 трлн. сўм кредит өзлестирилди, 10 еркин экономикалық зона, 5 киши санаат зонасы шөлкемлестирилди;

“Peugeot” ҳәм “Citroën” бренди менен жеңил автомобиллерин ислеп шығарыў бойынша завод қурылмақта;

Россияның «Лукойл» компаниясы менен биргеликте улыўма баҳасы 3 млрд АҚШ долл. болған Қандим газди қайта ислеў заводы иске түсирилди;

Тек ғана 2018-жылдың биринши ярымында 2,7 мың км. автомобиль жоллары қурылды ҳәм қайта исленди, 84 300 жумыс орны жаратылды;

Өзбекстан Республикасы Президентиниң қарарына муўапық 2018-жыл 15-июльден баслап Өзбекстан Республикасына 51 мәмлекет пуқараларына әпиўайыластырылған тәртибинде, 101 мәмлекет пуқараларына визасыз транзит кириў тәртиби енгизилди.

«Абат мәҳәлле» бағдарламаларын әмелге асырыў дәўиринде

республикамиз 159 райондағы 386 аўылларда қурылыс-абаданластырыў жумыслары алып барылды.

2017-2018-жылларда жаслар турмысына тиккелей тийисли болған 20 дан артық нызам, пәрман ҳәм қарарлар қабыл етилди;

Жанажан Ўатанымыздың жаңа көринисин жаратыўда өз мийнети, белсендилиги ҳәм мәнаўий пазыйлетлери менен басқаларға өрнек ҳәм үлги болып атырған қәбилетли жасларымыз ушын "Мард ўғлон" мәмлекетлик сыйлығы ҳәмде "Келажак бунёдкори" медалы енгизилди;

4 мың 300 ге жақын жигит-қызларымызға а банклер тәрепинен 216 миллиард сўм имтиязлы кредитлер берилгени, 184 мың 300 ден артық перзентлеримиз жумыс пенен тәмийинленди;

Өткен бир жыл даўамында ул-қызларымыздан 266 сы республика, 80 и халықаралық пән олимпиадалар жеңимпазлары болғаны, спортшыларымыздан 12 си жәҳән, 93 и Азия чемпионатларында, 150 ден артығы халықаралық жарысларда жоқары орынларға көтерилди.

## References:


1. Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем. Нөкис: Қарақалпақстан баспасы, 2003.
2. Азиз ҳәм жалғызымсаң, жанажан Өзбекстан!» деген идея тийкарында усы 2018-жыл 5-сентябрь күнги «Ғәрезсизлик сабақлары»н өткериў бойынша қолланба.Т.,2018.
3. Джумашев А., Нуржанов С., Уразова Л., Таджиева Р. Қарақалпақстан тарийхы (1991-2015-жыллар) Н., 2018.
4. Кощанов Б.А.,Аметов Т.А. Очерки новейшей истории Республики Каракалпакстан Н. 2015
5. Қарақалпақстан Республикасы паспорты. Н.,2020, 2021. Қарақалпақстан Республикасы статистикасы басқармасы мағлыўматы.
6. http://www.prezident.uz/
7. https://joqargikenes.uz/